

# Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



## Konprann Pwen Enpòtan SSI: Rapòte Salè ou bay Sekirite Sosyal



### Kisa salè ye?

Salè se revni travay oswa travay endependan ou [touche](#) nan travay ou.

### Èske mwen dwe rapòte salè mwen bay Sekirite Sosyal?

Wi. Si w ap travay epi w ap resevwa benefis SSI, ou dwe rapòte salè ou. Si w gen yon [benefisyè reprezantan](#), li [dwe](#) rapòte salè ou.

### Èske mwen bezwen rapòte salè nenpòt lòt moun?

Wi. Pafwa ou dwe rapòte salè yon lòt moun.

Men kèk egzanp:

- konjwen ou ap travay epi l ap viv avèk ou;
- paran yon timoun ap travay epi l ap viv avèk timoun nan; oswa
- ou pa yon sitwayen ameriken epi ou gen yon sponsò, epi sponsò ou ap touche salè (menm si sponsò ou p ap viv avèk ou).

### Ki enfòmasyon spesifik sou salè mwen bezwen rapòte?

Men enfòmasyon ou bezwen rapòte:

- salè total pa mwa (kantite lajan anvan taks oswa lòt dediksyon yo pran);
- si w kòmanse oswa sispann travay;
- Lè salè ou oswa revni travay endependan ou monte oswa diminye;
- si w kòmanse oswa si w sispann yon dezyèm oswa yon twazyèm djòb;
- depans pou travay ki asosye avèk enfimite ou; epi
- si w avèg, nenpòt depans pou travay.

### Ki enfòmasyon sou salè Sekirite Sosyal bezwen wè?

Nou bezwen wè:

- tout souch tchèk, ki genyen la yo souch tchèk pou tan siplemantè, vakans oswa bonis;
- si w se yon travayè endependan, kopi Fòm Taks Federal ou pou Barèm SE, Barèm C, Barèm C-Ez, oswa Barèm F;
- resi pou depans pou travay ki asosye avèk enfimite;
- si w avèg, resi pou nenpòt depans pou travay; epi
- resi pou depans ki fèt pou reyalize bi pwofesyonèl [Plan pou Vin Endependan \(PASS\)](#) ou.



N ap ba ou yon "Dosye Revni Sekirite Siplemantè Ou (SSI)" pou ede w konsève dosye nou bezwen wè (pa egzanp souch tchèk yo).

## Kilè mwen rapòte salè mwen?

Lè w kòmanse oswa lè w sispann travay oswa lè gen yon chanjman nan salè ou, ou dwe rapòte enfòmasyon sa yo touswit.

Ou dwe rapòte enfòmasyon sa yo pa pi ta pase **dizyèm** jou nan mwa apre mwa chanjman an. Pa egzanp, si w ap resevwa benefis SSI epi w kòmanse travay 22 Me, ou dwe rapòte enfòmasyon sa yo pa pita pase jou k ap 10 Jen. Ou dwe rapòte enfòmasyon tout tan anvan **dizyèm** jou nan mwa suive apre mwa sou salè.

## Kijan pou mwen rapòte salè mwen?

Ou ka rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Oswa ou ka rele biwo Sekirite Sosyal lokal ou oswa ou ka ale ladan oswa ou ekri li.